*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 10 (7380) РУЗМАН 1 март 2024 сон

12+

РИЩИЯЗДЕ КIВАР

## Сахлъи цIуниялъул бутIаялда хIалтIулезулгун дандчIвай

ЧIарада районалда бакIагьулаб самоуправлениялъул хIалтIухъабаз дандчIваял тIоритIулел руго учреждениязул, организациязул ва росабазул поселениязул активалгун. Гьедин районалъул бетIер МухIидин МухIамадов, гьесул заместитель МухIамад ГIумаров, районалъул администрациялъул ишазул управляющая Шамай Абакарова дандчIвана районалъул больницаялъул коллективгун.



Гьениб байбихьуда МухIидин МухIамадовас сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда баркана байрам – Улка цIунулесул къо ва баркала кьуна ракIбацIцIадаб хIалтIухъ, гьединго районалда тIоритIулел киналIаги тадбиразда гьабулеб жигараб гIахьаллъиялъухъ.



Хадуб кIалъа-басай букIана 2024 соналъул 15, 16, 17 марталда РФялъул Президент вищиялда хурхараб, гьениб районалъул бетIерас тIадчIей гьабун абуна: «Рищияздеги рачIун мустахIикъав кандидатасе гьаракь кьей – гьеб буго щивав гIакълу бугев ва гIумруялде вахъарав гражданинасул налъи. Дир кинабгIаги щаклъи гьечIо нужер коллектив бетIерлъуда Къурбан МухIамадовичгун церехун соназдаго гIадин гьеб нужедаго тIадаб иш тIубазабизе рачIине рукIиналда».

Жиндирго иргаялда МухIамад ГIумаровас, баркияздехунги цолъун, информация бицана рищиязул къояздА гьаризе кколел ишазул хIакъалъулъ. Гьарана киналго данделъаразда жиде-жидер хъизаназгун цадахъ рищиязул кампаниялда гIахьаллъи гьабизе рачIаян.

ЗахIматалъул коллективалъулгун дандчIваялдаса хадув МухIидин МухIамадов цадахъ цогидал гьалбалгун щвана унтарал регарал палатабазде, гара-чIвариял гьаруна унтаразулгун ва гьезул тохтурзабигун.

Унтараздехун кIалъа-басай гьабулаго муниципалитеталъул бетIерас цIех-рех гьабуна унтаразул сахлъиялъул, гьакъана хIажатал дараби щолел ругищали, квен-тIехалъул рахъ кинаб бугеб ва гьарана унтарал хехго сахлъагиян.

Гьединго администрациялъул вакилзаби щвана поликлиникаялдеги, лъай-хъвай гьабуна гьенир хIалтIулезулгун, кин гьез унтарал къабул гьарулел ругел ва хал гьабуна гьенир унел ремонталъулал хIалтIабазулги ва цогидалъулги.

МАСЪАЛАБАЗДА ТIАДЧIЕЙ

## Федералияб Собраниялде В.В. Путинил хитIабалдаса



ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас баян гьабуна Россиялъул президент Владимир Владимирович Путинил Федералияб Собраниялъе гьабураб хитIаб.

29 февралалда президент В. Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалда цере лъуна улкаялъул жанисебги къватIисебги сиясаталъул чанго сонил чIванкъотIарал аслиял рахъал.

ХитIабалда аслияб куцалда кIвар бугеблъун бихьизабуна халкъазул цолъиги хIинкъи гьечIолъи цIуниялъулги суал.

Байбихьуда пачалихъалъул бетIерас кьочIое босана хIукуматалъул жибго жиндаго чIей цIуни, Россиялъ лъиениги ихтияр биччаларин жанисел ишазде гьоркьоре къазе, гьединго гьаб спецоперациялъул масъалабиги тIуран, неонацизмги чIинтIизабун рагъги лъугIизабилин ва нилъерго гъункиялдалъун киналго мурадал рагIалде рахъинарилин абун.

ВатIаналъе гIоло рагъулел гIолохъабаздаса жиндирго чIухIиги загьир гьабун, нужеда цебе бетIер къулулаян абуна президентас спецоперациялда гIахьаллъи гьабулел гIолохъабаздехун гьабураб хитIабалда ва гьелда бан, хIукуматалъул тIолалго идарабазда тIад къана СВОялда ругел рагъухъабазе хIалае чIун рукIине кидаго.

Жеги президентас тIадчIараб бербалагьи бугеблъун бихьизабуна хъизаналъул институт ва бицана лъимал гIемерал хъизамазе гьабулеб кумекалъулги.

Гьединго президентас цере лъуна цогидал суалалги: цIидасан ЕГЭ кьеялъул, маткапиталалъул, гIумруялъул халатбахъиналъул, спорталъул, мугIалимзабазе тIаде харжалъул, бищунго гьитIинаб харж цIикIкIинабиялъул – къокъго абуни, хIукуматалъул киналго рахъал церетIеялъул масъалаби.

Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалда пачалихъалъул бетIерас цере лъурал масъалаби руго инсанасул гIумруялъул даража лъикIлъизабиялъе ва метерисеб къоялъул парахалъиялде ракIчIей букIине. Гьелда бан нижецаги кIвараб хIаракат бахъила улкаялъул бетIерас цере лъурал масъалаби мурадалде рахинаризе.

РИЩИЯЗДЕ ХIАДУРЛЪИ

## Росабазул жамагIатазулгун дандчIвай

Дагъал къояз цебе районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров, районалъул администрациялъул ишазул управляющая Шамай Абакарова ва участкаялъулав инспектор ПатахI НурмухIамадов щвана Гъочоб ва ЩIулда росабазул захIматчагIазулгун дандчIвай гьабизе.





Гьениб МухIамад ГIумаровас поселениязул бутIруздаса лъазабуна бакIазда бугеб ахIвал-хIал, церечIарал хIалтIул планазул, гьединго рищиял тIоритIиялъе рукъзал хIадурун ругеб куцалъул, баян гьабуна гьел киналго тIалабалги цIунун тIуразаризе кколеблъиялъул.

«ГIагараб заманалда рукIине руго РФялъул Президентасул рищиял. Гьеб буго улкаялъе кIудияб политикияб кIвараялъул лъугьа-бахъин ва гьел рищиязул кинаб хIасил ккей бараб буго нилъер щивасда. Гьединлъидал киналго гражданазда гьарулеб буго гьеб кIвар цIикIкIараб лъугьа-бахъиналъулъ нужерго бугеб хIурматияб ихтиярaлдаса пайдаги босун, жигараб гIахьаллъи гьабеян», - абуна бетIерасул заместителас.

БакIалъулал захIматчагIаз жидехъе рачIарал гьалбазе баркала загьир гьабуна.

«Щаклъи гьечIого, нижеца хIалтIизабила букIинесеб тIаса бищиялъе щвараб ихтияр ва кинабго жамагIаталъ гIахьаллъи гьабизе буго РФялъул Президентасул рищиязда. Нижее бокьун буго гIакъилав нухмалъулес улкаялъе бетIерлъи гьабизе ва мустахIикъав кандидат вукIине», - ян лъазабуна росабазул захIматчагIаз.

АСЛИЯЛ СУАЛАЛ ВА ХIАЛТIУЛ ПЛАНАЛ

# Коллективазулгун дандчIвай

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадов цадахъ заместитель МухIамад ГIумаровгун щвана социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул централде. Гьенир



дандчIвана централъул хIалтIухъабигун, гьоркьор лъуна аслияб кIвар буссинабизе ккарал суалал ва 2024 соналъе хIалтIул планалги.

ЦСОНалъул отделениялъул



лъул хIалтIухъабазул рагIабазда рекъон, гьез аслияб кIвар буссинабулеб буго херал чагIазе, инвалидазе, хъизаназе ва лъималазе, гIумруялъулъ захIмалъаби дандчIваразе хъулухъ гьабиялде. Гьезие гьарулел кумеказдаса ккола психологияб, ихтиярал цIуниялъул, педагогикиял ва коммуникациялъулал хъулухъал. Гьединго хIажатал гIадамазе гьарула хехал социалиял хъулухъалги.

ДандчIваялъул заманалда муниципалитеталъул бетIерас борхана РФялъул Президент вициялъе 15-17 марталда рукIине ругел рищиязул суал ва ЦСОНалъул киналго хIалтIухъаби ахIана гьенир гIахьаллъизе.

«Щивав гражданас ургъун, бихьизабураб лъабго къоялдаса цо къоги тIаса бищун жиндирго гражданасулаб налъи тIубазаби ккела», - ян лъазабуна МухIидин МухIамадовас.

Данделъиялда бицана рищиязул законазул ва гьаркьал кьолеб къагIидаялъулги.

КIВАР БУГЕБ ДАРС

# ВатIан цIунулезул бицана

ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ЦIуриб школалъул чIахIиял классазул цIалдохъабазе тIобитIана ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда «Разговоры о важном» абураб дарс.




«ВатIан цIунулесул къоялда нилъеца ракIалде щвезарула щибаб къоялда, рагъулаб присягаялъеги хилиплъичIого ВатIаналда цебе жидедаго тIадаб налъи тIубазабурал гIолилал», - ян лъазабуна МухIидин ГIабдулвагьабовичас.

Районалъул бетIерас рехсана нус-нус соназул тарихалда жидеца улка цIунарал ва гьабсагIаталдаги цебесеб кьерда СВОялъул ракьалда хъулухъ гьабулел ругел чIарадисезул бахIарзал.



«Нилъер ракьцояз кидаго мустахIикъаб бутIа лъуна ва лъолебги буго ВатIан цIуниялъулъ. Дагъистан, гьелдаго цадахъ ЧIарада районги чIухIула жидерго рагъухъабаздаса ва бихьинчияб халкъалдаса. Бихьиназда цадахъго руччабазги мустахIикъаб бутIа лъуна ва лъолебги буго улкаялъе кIвар цIикIкIараб ишалъулъ. Нижеда тIадаб буго гьеб хаслъи наслабазухъе щвезабизе», - ян лъазабуна районалъул нухмалъулес.

ЦIалдохъабаз, жидерго иргаялда гIахьал гьабуна бихьинчилъи ва гьеб кин лъугьинабилеб абураб тарихияб лъай ва гьелъул кIвар.

Ахиралда районалъул бетIерас бичIчIизабуна эбелалъул ва ВатIаналъул хIакъалъулъ хабар ккедал хIинкъизе ва къуркьизе бегьуларебилан.

ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Школазул нухмалъулезулгун данделъи

Районалъул администрациялъул данделъабазул залалда, лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул начальник Шамиль МустIапаевасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана муниципалитеталъул лъай кьеялъул гIуцIабазул нух-





малъулелги гIахьал гьарураб данделъи.

Гьеб рагъулаго Шамиль МустIапаевас баян гьаруна повесткаялда ругел суалал. Гьезул тIоцебесеб букIана лъай босулез тIолгороссиялъул школлъималазул олимпиадаялда (ВСОШ) гIахьаллъиялъул ккарал хIасилазул.

2023-2024 цIалул соналда муниципалияб этапалда гIахьаллъун руго 663 чи, гьездаса бергьарал – 21 ва призалъулал бакIал ккурал 158 цIалдохъан. Рихьизаруна школлъималазул тIолгороссиялъул олимпиадаялда гIахьаллъизе цIалдохъаби ругьун гьарурал лъай кьеялъул гIуцIаби – ЦIуриб школа (161 цIалдохъан), Кьорош школа (85 цIалдохъан) ва Гьочоб школа (81 цIалдохъан) .

Анализазул хIасилаздаса бихьулеб буго олимпиадаялъул муниципалияб этапалде цIалдохъаби хIадур гьари гIураб даражаялда гьечIолъи, щайгурелъул цо-цо предметазда гьечIо цохIониги бергьарав, ялъуни призалъулаб бакI ккурав чи. Гьеб ахIвал-хIал кьучIдасаго хисизабизе ккун буго. ЦIалдохъабазул лъай борхизаби – гьеб нижер аслияб хIалтIи ккола, гьединлъидал хIажат буго кинабго рахъалъ жавабчилъи борхизабизе», - ян лъазабуна отделалъул начальникас.

Хадубги Шамиль МустIапаевас данделъаразда бицана гIуцIиялъул ва магIнаялъул рахъал рорхизаризе ккеялъул, федералиял кьучIазда ругел гIаммаб лъай кьеялъул программаби гIумруялде рахьинариялъе дарсаздаса эркенаб заманалдаса пайда босизе хIажат букIиналъулги.Лъай кьеялъул качество борхизабиялъе нухазул хал гьабулаго гьес лъикIаблъун бихьизабуна дифференцированияб къагIида хIалтIизаби ккей гьунар тIокIал цIалдохъабаздехун.

ВСОШалъул батIи-батIиял этапазде хIадурлъулездехун хIалтIулаго пайда босизе ккун буго интернет-ресурсаздаса, цифровоял технологияздаса ва цогидалги лъай кьеялъул къагIидабаздаса. ХIадурлъи тIадегIанаб, пайдаяб даражаялда букIинабизе, гьеб рахъ цебетIезабиялъе предметалъул материалалда цадахъго хIалтIизаризе захIмалъаби цIикIкIарал заданиялги, цIалдохъабазул мотивация ва хIасил ккей борхизабиялъе магIнаял хIалтIул къагIидаби хIалтIизаризе дарсазда ва гьездаса эркенаб заманалда, ялъуни самоподготовкаялда.

Ахиралда данделъараздехун вуссун, отделалъул нухмалъулес ракIалде щвезаруна 15, 16, 17 марталда РФялъул Президент вициялъе гьаркьал кьезе щивав гражданинасул тIадаб налъи ва хIурматияб иш букIин.

«Киналго ахIулел руго жидерго хъизаналгун цадахъ Президент вициялда гIахьаллъи гьабизе. Гьеб рищиялда бараб буго нилъер букIинесеб», - ян тIадеги жубана Шамиль МустIапаевас.

ТАРИХАЛЪУЛ БИЦУНЕЛ ТIАХЬАЛ

# Эстафета къабул гьабуна

ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас «Сделай подарок родной школе» абураб эстафеталдехунги цолъун, Казбековскияб районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасдаса къабул гьарураб, «Российская императорская библиотека» абураб циклалдаса тIахьал къуна гIагараб школалде.



«ДРялъул бетIер Сергей ГIалимович Меликовасул тадбиралдалъун тIобитIулеб эстафеталъул рахъги ккун, хIукму гьабуна ЦIуриб школалде кьезе цIар рагIарал тарихчагIаз, гIалимзабаз, кIудиял пачалихъалъул гIуцIарухъабаз ва нилъер пачалихъалъул церетIурал деятелаз Россиялъул азарсонилаб тарихалъул бицунел хIалтIаби. Гьел тIахьазул кумекалдалъун тарих бокьулел гIун рачIунезе рес щвезе буго тIубараб къагIидаялда бихьизе нилъер улкаялъул культураялъул ирс», - ян абуна МухIидин МухIамадовас.

РАХЬДАЛ МАЦIАЛЪУЛ КЪОЯЛДЕ

# Рагъарал дарсал







21-абилеб февраль чIезабун буго Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул кьолъун. Гьеб буго хасаб байрам, дуниялалда ругелщинал мацIазул кIвар борхизабулеб ва лъикIаб рахъ баян гьабулеб.

Гьелда хурхун ЧIарада районалъул лъай кьеялъул гIуцIабазда ва библиотекабазда тIоритIана рагъарал дарсал. Гьенир лъималазда бицана гIунбачIунеб гIелалъе рахьдал мацI цIуниялъул ва рижараб ракьалъул берцинлъабазул хIакъалъулъ лъалъе бугеб кIваралъул.

МугIалимзабаз ва лъималаз рекIехъе цIалана кучIдул, рицана цере рукIарал умумузул гIумруялдаса тарихиял лъугьа-бахъиназул, бихьизабуна сценка ва магIарул мацIалда рикIкIана некIсиял абиялги.

ВАТIАН ЦIУНУЛЕСУЛ КЪОЯЛДЕ

# Акциялдехунги цолъун





ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда тIолабго Российялдаго бильлъанхъизабуна «Письмо защитнику Отечества» абураб ВатIан бокьулезул акция. ЧIарада районалъул ЦДОДалда лъай босулел гьираялда цолъана гьеб лъугьа-бахъиналдехун.

Лъималаз унго-унгоги разилъи загьир гьабулел ва рекIее асар гьабулел кагътал хъвана СВОялда рагъулаб хъулухъ гьабулел солдатазухъе. Гьел цIезарун рукIана хинлъиялъ ва божилъиялъ. Лъималаз лъазабуна жал ракI-ракIалъго божарал ругин, хехго рагъги лъугIун рагъухъаби рокъоре тIадруссиналда ва гьарана гьезие къуват, сахлъи ва бергьенлъи, баркала къуна бихьинчилъиялъухъ ва къо хIехьеялъухъ.

Хасаб кIвар кьун къачIана кагътал. Акциялъул гIахьалчагIаз лъабокIон гьабун сокIарал кагътал лъуна берцинал наклейкабаз ва ВатIан бокьиялъул гIаламатаз къачIарал конвертазда жанир.

«Письмо защитнику Отечества» абураб акциялъ цIалдохъабазулъ бижизабуна улкаялъул букIинеселъулъ жидерги гIахьаллъи букIин. Гьединго бихьизабуна хIурмат буголъи захIматаб ва кIвар цIикIкIараб иш тIубазабулел гIадамаздехун.

ВАТIАН БОКЬИ

# Байрамалъул хIурматалда







ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда Щуриб росдал «Радуга» лъималазул ахикь тIобитIана байбихьул хIадурлъиялъул группабазда лъай босулезе рекIелгъеялъулаб тадбир.

Лъималаз бихьизабуна жидерго гьунар, ахIана ва рикIкIана ВатIан бокьиялда хурхарал кучIдул, гьаруна батIи-батIиял къурдаби, гьединго гIахьаллъана конкурсаздагун эстафетаздаги.

ГIедерлъиялъул, хехлъиялъул ва къуваталъул рахъалъ тIоритIарал къецаз лъикIаб асар гьабуна киналго гIахьаллъаразеги, улбузеги, гьединго борхизабуна тирилъи ва лъикIаб рекIел хIал.

АКЦИЯ «НИЛЪЕРАЗЕГО КУМЕК»

# Окопалъулал свечаби

ЧIарада районалъул «Движение первых» багъарилъул активистал цолъана «Нилъеразего кумек» абураб акциялдехун.



ЦДОДалъул мугIалимзабазгун цадахъ лъималаз хIадур гьаруна окопалъулал свечаби. Гьел ритIизе лъизабизе бегьулеб буго квен ва гьализабизе лъим.

Свечаби хIадур гьари бигьаяб гуреб хIалтIи буго, гьелъие хIажалъула гIемераб заман ва бажари. Гьелдаго цадахъ лъималазда кутакалда бичIчIун буго гьезул бугеб кIвар ва



руго рагъул цебесеб кьерда ругел улка цIунулезе.

Окопазул свечабаз солдатазул гIумруялъулъ лъолеб буго кIвар цIикIкIараб бутIа. Гьел рекIунел руго 6-7 сагIаталъ, окопазул захIматал шартIазда чIезабулеб буго канлъи ва хинлъи. Свечабазул кумекалдалъун ракъвазаризе регьулел руго хьитал, хинкIудияб гьираялда гьарулел руго гьел свечаби. Гьезда лъан буго гьеб букIин ВатIаналъе гIоло рагъулел ругел бахIарчиял рагъухъабазе унго-унгояб кумек.

ЦОЙГИ ПАШМАНАБ ХАБАР

## Багъавудинов МухIамад ШейхахIмадович



Нилъер районалде цойги пашманаб хабар бачIана. Хун вуго СВО-ялъул ракьалда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго Кьосрода росулъа **Багъавудинов МухIамад ШейхахIмадович.**

38 сон барав МухIамад Багъавудиновас хъизаналъгун цадахъ гIумру гьабулеб букIана Гъизляр районалъул Крайновка росулъ. Декабралда контрактги хъван гьев ана улкаялъул интересал цIунизе.

Районалъул администрациялъ, депутатазул корпусалъ ва тIолабго районалъул захIматчагIаз гIахьал гьабулеб буго гьесул гIагарал божаразе бугеб пашманлъи-кьварилъи ва гьезда ракI-ракIалъулаб зигараги балеб буго.

Нижеда киданиги кIочене гьечIо МухIамад, бихьинаб къагIидаялда улка цIунулезул кьеразулъеги лъугьун жиндирго гIолохъанаб гIумру кьурав ва гьевго гIадал цогидал рагъул авлахъазда хварал гIолохъабиги. Ракьцоязул ва цадахъ хъулухъ гьабуразул ракIазулъ гьел кидаго цIунун хутIизе руго.

АКЦИЯ ТIОБИТIАНА

## Инсуе сайгъат

ЧIарада районалъул ЦДОД-алъул цIалдохъаби цолъана «Инсуе сайгъат» абураб акциялдехун. ХIалбихьи бугел педагогазул нухмалъиялда гьоркь лъималаз хIадур гьаруна байрамалъулал открыткаби, тIад баркиялги хъварал ва гьел сайгъат гьаруна жиде-жидер инсуе.

«Гьеб акциялъул аслияб мурадлъун букIана лъимал ургъизе ва хIисаб гьабизе тIами хъизамалъул гIадатазул, гьениб лъимал гIезариялъулъ ва тарбия кьеялъулъ инсул бугеб кIваралъул», - ян бицана централъул нухмалъулей ШугIайнат МухIамадовалъ.



СПОРТ

## Районалъул турнир

ЧIарада районалъул ДЮС-Шалъул планалда рекъон ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда ЦIуриб росулъ тIобитIана цIалдохъабазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъулаб турнир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна ЦIуриб, ГIириб, Магъар, Кьорош ва Цадахъ росабазул школазул цIалдохъабаз.

Тадбир тIобитIилалде цебе гIуцIарухъабаз гIолохъанал спортсменазда баркана байрам, бицана ВатIан цIунулесул къоялъул кIваралъул ва гьарана киназего битIккей.

Къецазул хIасилал гьарулаго лъималаз бихьизабуна жидерго махщел, гугаризе бугеб гьунар. Жиде-жидер цIайиязда бергьенлъаби росана: АхIмад Хизриевас (26 кг, ЦIуриб), Юсуп АхIматIиловас (28 кг, Кьорош), МухIаммад АхIматIиловас (30 кг, ЦIуриб), Ражаб ГIабдулаевас (32 кг, ЦIуриб), МухIаммад Багьавудиновас (35 кг, ЦIуриб), Расул Ибрагьимовас (38 кг, ЦIуриб), Сайгид Мурадовас (41 кг, ЦIуриб), ГIабдула Агиловас (44 кг, ЦIуриб), МухIамадтIагьир Шапиевас (51 кг, ЦIуриб), Сапиюла Гьазалиевас (55 кг, Цадахъ), Давуд Мусаевас (58 кг, ЦIуриб), Сиражудин ГIумаровас (65 кг, ЦIуриб). Бергьаразе ва призалъулал бакIал ккуразе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал.





# *Авар кицаби ва абиял*

- Бакъан лъикIаб буго, цIалулеб жо къуръан батани.

- Бакъан лъикIаб бугоан, цIалулеб жо къулгъу батичIони.

- Бакъараб гьой гIадинан кваналелъул хьантIуге.

- Бакъараб гьойица гьусун бацI кквеларо.

- Бакъараб гIанкIуялда макьилъ муч бихьулебила.

- Бакъалда хинлъун букIунеблъи лъидаго лъалеб.

- Бакъараб хъумур гIадав, хьантIараб гьой гIадинав.

- БакъванбугIаялда мацI бахъарал, цIоросаролъил хинкIида убач гьабурал.

- Бакъвараб бугониги, дурго квер дур ккола.

- Бакъвараб гьотIое дару – къотIун рехи.

- Бакъвараб гьотIое хъулухъ гьабулареб.

- Бакъвараб цIулал цIадаб биччарабги рекIунеб.

- Бакъги моцIги гIун буго гIахьалаб жо.

- Бакъидал бацI цIадабеги кIанцIулеб.

- Бакълъухъа оц босе, Аргъваниса куй босе.

- Бакъуца бухIун хадуб лъалъан, хур бачIунареб.

- Бакьулъа зоб роцIиналдаса жиндие цIиналдаса чехь унтизе бокьулилан абулебила цараца.

- Бакьулъа роцIараб зобалдасаги цIунаги, нуцIида нахье ялагъарай чIужуялдасаги цIунаги.

- БакI бихьун – рагIи, чи вихьун – хIурмат.

- БакI бихьун, чи вихьун тIамулеб жойила кици.

- БакI гуреб бакIалда гIодовги чIоге, гьикъичIеб жоги бицунге.

*Цо магIарулас гьобол берталъе вачун вуго. Гьобол щвалде щварав гьечIолъиялда щакльарав гьес гьоболасда мальун буго: "Дуда бихьизабичIеб бакIалда гIодовги чIоге, гьикъичIеб жоги бицунге, дуда кьеян абичIеб жоги кьоге".*

*Щун руго берталъе. Хъатамасан гьоболас, живго гIодов чIезе, бищун лъикIаб бакI балагьун буго. «Огь, инсул рукъ бухIад!» – ан бетIер кIибикIун буго магIарулас.*

*ВачIун вуго бахIарав. Хъурщизе гьавулаго-гьавулаго, гьобол ккун вуго нуцIида нахье. ТIарамагъадаги, гьикъичIеб жо бицуниланги, хIара къотIизе нус кьуниланги гьобол, гIадаталда рекъон, хIобода вухьине ккун вуго.*

ЧIАРАДА
БетIерай редактор
МухIамадова Земфира Жамалудиновна
Жавабияв секретарь
Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор
Манарша Расулова
Корреспондент
ПатIимат АхIмадова
Редактор-стилист
Аминат ГIабдурахIманова
Набор - Ирайсат МухIамадгIалиева

Газета гIуцIарал:
«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель:
Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда
Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.
Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г.
Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*